

object	objè	Yon sous reyon limyè ki klere oswa ki pa klere; se yon sifas ki kouvri ak miwa ki dwe reflekte reyon sa yo.
octet rule	règ oktè	Endike atòm yo pèdi, genyen oswa pataje elektwon yo pou yo ka gen yon ansanm konplè elektwon ki gen huit (8) valans (konfigirasyon elektwon estabyon gaz nòb)
open circulatory system	sistèm sikilatwa ouvè	sistèm kote san an deplase atravè veso yo nan espas ki louvri ozalantou ògàn kò a.
opposable thumb	pous opozab	karakteristik primat pou gen yon pous ki ka kwaze plan men an epi ki ka rankontre avèk lòt bout dwèt yo; li pèmèt zannimo yo ponyen ak kenbe objè yo.
order	òd	gwoupman taksonomik fanmi ki sanblab.
ore	minrè	Yon sibstans kote yo ka ekstrè yon mineral pou frè ki rezonab.
organ	ògàn	gwoup de (2) oswa plizyè tisi ki òganize pou fè aktivite konplèks nan yon òganis.
organ system	sistèm òganik	ògàn miltip ki travay ansanm pou fè yon fonksyon espesifik lavi.
organelles	òganèl	estrikti asosye ak manbràn ki gen fonksyon espesyal nan selil ekaryotik yo.
organic compounds	konpoze òganik	Tout konpoze ki gen kabòn sof oksid kabòn, kabi ak kabonat ki pa òganik.
organism	òganis	tout sa ki posede tout karakteristik lavi; tout òganis yo gen yon estrikti ki òdone, pwodui pwojeniti, grandi, devlope epi adapte yo avèk chanjman anviwònman an.
organization	òganizasyon	estrikti òdone selil ki nan yon òganis; se yon karakteristik tout kreyati vivan.
orogeny	owojenèz	Sik pwosesis ki fòme tout chenn montay yo, sa ki lakòz fòmasyon gwo chenn montaye; pifò ladan yo asosye avèk limit plak yo.
osmosis	osmoz	Pwopagasyon patikil sòlvan atravè yon manbràn semi-pèmeyab ant yon zòn ki gen konsantrasyon sòlvan ki trè fò ak yon zòn ki gen konsantrasyon sòlvan ki trè fèb.
osmotic pressure	presyon osmotik	Presyon adysonèl ki nesèsè pou envèse osmoz.
osteocytes	osteyosit	selil zo ki fèk fòme.
ovary	ovè	nan plant yo, se pati anba pistil yon flè ki gen youn oswa plizyè ovil ki gen yon ze nan yo chak.

oviduct	ovidik	nan femèl yo, se tib ki pote ze yo ant ovè a ak matris la.
ovulation	ovilasyon	nan femèl yo, se pwosesis pou yon ze eklate pawa ovè a epi pou li ale nan ovidik la.
ovule	ovil	nan plant a grenn yo, se estrikti espowofit ki antoure gamèt femèl k ap devlope a; li fòme grenn nan apre fegondasyon an.
oxidation	oksidasyon	Pèt elektwon nan atòm yon sibstans; li ogmante degre oksidasyon yon atòm.
oxidation number	degre (nonm) oksidasyon	Chaj pozitif oswa negatif yon iyon mono-atomik.
ozone	ozòn	Yon gaz ki fòme lè yon twazyèm atòm idwojèn ajoute ak yon molekil oksijèn; gaz sa a egziste nan yon kouch nan atmosfè a epi li absòbe reyon ultravyolè solèy la.
ozone layer	kouch ozòn	kouch atmosfè ki ede pwoteje òganis vivan sou sifas tè a kont dòz domajman reyon ultravyolè solèy la.